**दिन–बुधवार** **दिनांक–18.09.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार **एक देश–एक चुनावक** प्रस्ताव के स्वीकृति दऽ देलक अछि। केन्द्रीय सूचना आओर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे केन्द्रीय मंत्रिमंडलक बैसार मे पूर्व राष्ट्रपति रामनाथ कोविन्दक नेतृत्ववला उच्च स्तरीय समितिक सुझाव के स्वीकृति दऽ देलक अछि। ओ जनौलनि जे समितिक रिपोर्ट मे जनाओल गेल अछि जे, ई दू चरण मे लागू कयल जायत। ओ जनौलनि जे समिति अपन रिपोर्ट मे जनौलक अछि जे पहिल चरण मे लोकसभा आओर विधानसभाक चुनाव एक संग कराओल जायत। जखनकि, पंचायत आओर नगर पालिकाक चुनाव आम चुनावक बाद सय दिन मे करेबाक प्रस्ताव अछि।

---

केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन आइ नव दिल्ली मे एन.पी.एस वात्सल्य योजना शुरू कयलनि। एहि मे अठारह वर्ष धरिक बच्चा सभक नाम पर बैंक खाता खोलल जायत। ई सभ खाताक संचालन हुनक अभिभावक सभ करताह।

---

दिल्लीक राउज एवेन्यू अदालत रेलवे मे जमीनक बदला नोकरी घोटाला मामिला मे पूर्व रेलमंत्री लालू प्रसाद, हुनक दुनू बेटा तेजस्वी यादव आ तेज प्रताप यादव आओर आनो–आन लोकसभक खिलाफ समन जारी कयल गेल अछि। सभ आरोपी के सात अक्टूबर धरि अदालत मे हाजिर होयबाक लेल जनाओल गेल अछि। लालू प्रसादक पैघ बेटा तेज प्रताप यादव के पहिल बेर ई मामिला मे समन पठाओल गेल अछि। प्रवर्तन निदेशालय मामिला मे छओ अगस्त कऽ अदालत मे अंतिम रिपोर्ट दाखिल कयने छल, जाहि मे जनाओल गेल अछि जे लालू प्रसाद के रेलमंत्री रहैत रेलवेक पश्चिम–मध्य मंडल मे ग्रुप–डीक कतेको भर्ती मे अनियमितता बरतल गेल अछि। आरोप अछि जे लालू प्रसाद भर्ती भेल लोकसभ सँ अपन परिवार आ संगी–साथिक नाम जमीन हस्तांतरित करौने छलाह।

---

भारतीय न्याय संहिताक नव आपराधिक कानून मे जुलाई सँ तीन सितम्बर धरि पाँच लाख छप्पन हजार प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि। गृह मंत्रालयक एक वरिष्ठ अधिकारी ई जनतब देलनि अछि। दू हजार तैईस मे तीन नव आपराधिक कानून भारतीय न्याय संहिता, भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता आओर भारतीय साक्ष्य अधिनियम एहि वर्ष एक जुलाई सँ लागू भेल अछि।

---

केन्द्रीय संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू जनौलनि अछि जे वक्फ संसोधन विधेयक दू हजार चौबीस मुस्लिम समुदायक बेहतरि लेल लाओल गेल अछि। आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे जनौलनि जे ई विधेयक सँ सरकार वक्फ संपत्ति के पारदर्शी आओर जिम्मेदारीपूर्ण प्रबंधन के सुनिश्चित करय चाहैत अछि। ओ जनौलनि जे संसोधन विधेयकक कतेको बिन्दु पर विचार–विमर्शक लेल गठित संयुक्त संसदीय समिति जे.पी.सी. अपन रिपोर्ट एहि वर्ष शीतकालीन सत्रक पहिल सप्ताह मे दऽ सकैत अछि।

---

प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम क्षेत्र मे भऽ रहल बरखाक संगहि पड़ोसी राज्य सभ मे भारी बारिशक कारण गंगा सहित कतेको नदिक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार गंगा नदिक जलस्तर पटनाक दीघा घाट, गांधीघाट आओर हाथीदह मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। ओतहि, मुंगेर आओर भागलपुर मे सेहो नदिक जलस्तर खतराक निशानक लऽग–पास बनल अछि। सोन आ पुनपुन नदिक जलस्तर सेहो बढ़ि रहल अछि। एम्हर, घाघरा नदी सीवानक दरौली मे खतराक निशान सँ आधा मीटर ऊपर बहि रहल अछि। बूढ़ी गंडक नदिक जलस्तर खगड़िया मे आओर कोसी नदिक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा आओर कटिहारक कुर्सेला मे लाल निशान के पार कऽ गेल अछि। बागमती नदी मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे आओर कमला बलान नदीक जलस्तर मधुबनीक झंझारपुर मे लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। एम्हर, राज्यक कतेको जिला मे बाढ़िक पानि आबि गेला सँ जनजीवन तबाह अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह जनौलनि अछि जे बेगूसरायक कतेको क्षेत्र मे गंगा नदी मे आयल उफान सँ विकट स्थिति भऽ गेल अछि। श्री सिंह बाढ़ि के देखैत राज्य सरकार सँ जिला के बाढ़ि ग्रस्त जिला घोषित कयल जयबाक मांग कयलनि अछि। एम्हर, बेगूसरायक जिलाधिकारी एक सय पचीस विद्यालय के बाढ़िक कारण बंद करबाक लेल जनौलनि अछि। ई सभ विद्यालय चौबीस सितम्बर धरि बंद रहत।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ कैमूरक माँ मुंडेश्वरी वन्य प्राणी इको पार्क आओर तेल्हार कुंड जलप्रपात मे पर्यटकीय सुविधाक लोकार्पण कयलनि। मुख्यमंत्री तियरा पंप केनालक हवाई सर्वेक्षण सेहो कयलनि। श्री कुमार प्रवरा पहाड़ीक माताक मंदिर मे पूजा—अर्चना सेहो कयलनि। एहि बीच उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा, प्रेम कुमार सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य सभ छलाह।

———————————————————————

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड—सी.बी.एस.ईक. वर्ष दू हजार पचीसक बोर्ड परीक्षा देबयवला नवम आओर एगारहम कक्षाक छात्र सभक पंजीकरण आइ सँ शुरू भऽ गेल। सोलह अक्टूबर धरि पंजीकरण कराओल जा सकैत अछि।

———————————————————————

समाप्त